

Pwoteksyon kont vanjans akoz patisipasyon nan aktivite sekirite ak sante anba Lwa OSH yo

Tout anplwaye yo gen dwa depoze yon plent denonsatè nan OSHA si yo estime, yo te pran revanj kont yo paske yo te ogmante enkyetid sante ak sekirite nan espas travay oswa pou rapòt blesi ak maladi ki gen rapò ak travay yo.

Li ilegal pou yon anplwayè pran revanj kont yon anplwaye k ap egzèse dwa li genyen pou depoze yon plent pou sekirite oswa sante nan OSHA, soulve enkyetid sante, sekirite ak manadjè oswa anplwayè yo, patisipe nan yon enspeksyon OSHA, rapòt yon aksidan oswa yon maladi ki gen rapò ak travay. Dwa sa yo garanti anba seksyon 11(c) Lwa sou Sekirite ak Sante nan Travay 1970 (Lwa OSH).

Pwoteksyon Anplwaye yo

Lwa OSH pwoteje anplwaye yo kont vanjans pou egzèse dwa yo daprè Lalwa. Men kèk egzanp aksyon ki pwoteje yo enkli, men yo pa limite:

- Kominike sou zafè sekirite oswa sante ak pèsonèl jesyon yo
- Poze kesyon, eksprime enkyetid, oswa mande yon kopi fich done sekirite yo
- Rapòt yon aksidan oswa yon maladi ki gen rapò ak travay yo
- Mande yon kopi estanda oswa règleman OSHA
- Depoze yon plent sekirite/sante nan OSHA
- Patisipe nan yon enspeksyon nan OSHA
- Refize oswa reklame sou kondisyon pou ranbouse yon anplwaye pou penalite OSHA

Aksyon negatif

Yon anplwaye pa ka poze yon "aksyon negatif" kont yon anplwaye paske anplwaye a te egzèse yon dwa dapre Lwa OSH. Aksyon negatif yo enkli:

- Ranwaye oswa mete deyò
- Degrade
- Refize lè siplemantè oswa pwomosyon
- Discipline
- Refize benefis yo
- Li pa anboche oswa reanboche
- Entimidasyon, menas, oswa arasman

- Ranplasman nan yon pozisyon mwens dezirab
- Antrave kandida pwomosyon yo
- Diminye salè oswa èdtan yo
- Plis aksyon sibtil, tankou izole, ostrasize, moke, oswa bay manti pou akize anplwaye a nan move pèfòmans
- Entèferans ak travay nan lavni
- Egzeyat konstriktif (patwon fè kondisyon travay yo entolerab)
- Rapòt yon anplwaye bay lapolis oswa otorite imigrasyon yo
- Aplikasyon politik anplwaye a ki dekouraje rapòt aksidan, tankou sèten pwogram ankourajman

Dat limit pou prezante plent yo

Yo dwe depoze yon plent nan 30 jou apre swadizan vanjans la rive (lè yo fè anplwaye a konnen aksyon vanjans la).

Plent yo depoze nan OSHA apre 30 jou yo ka refere bay Konsèy Nasyonal Relasyon Travay (National Labor Relations Board, NLRB) pou plis aksyon posib.

Plent konsènan vanjans pou rapòt yon blesi oswa yon maladi bay yon anplwaye kapab konsidere tou pou aksyon ranfòsman sekirite ak sante OSHA.

Depoze yon plent denonsatè

Nenpòt anplwaye oswa reprezantan yo ki kwè yo te pran revanj kont yo, ka pote yon plent nan OSHA.

Ou ka depoze plent vèbalman nan nenpòt lang lè w vizite biwo OSHA ki pi pre a, rele nan 1-800-321-6742, voye yon plent alekri nan biwo OSHA ki pi pre a, oswa lè w pote yon plent sou Entènèt nan www.whistleblowers.gov/complaint_page.html.

Yon fwa ke li resevwa I, OSHA pral revize plent lan pou detèmine si li apwopriye pou mennen yon ankèt. Yo envestige tout plent dapre egzijans 29 CFR Part 1977.

Yo kapab egalman depoze yon plent nan eta ak teritwa ki aplike yon plan eta apwouye atravè OSHA. Yon plent ki depoze nan yon pwogram eta a dwe depoze nan limit tan lwa eta a fikse. Nan eta sa yo, anplwaye yo kapab egalman depoze yon plent nan OSHA federal, toutotan li depoze nan 30 jou apre aksyon negatif la. Anplwaye leta ak gouvènman lokal ki nan eta ki gen pwogram leta yo kapab sèlman depoze yon plent denonsè ak eta a. Pou yon lis plan eta yo, tanpri vizite: www.osha.gov/stateplans.

Kisa pou w fè sou yon espas travay ki pa an sekirite

Si yon anplwaye estime ke kondisyon travay yo pa an sekirite oswa ki pa bon pou lasante, li ta dwe pote enkyetid yo bay patwon li oswa jesyon an. Si sa posib, sa ta dwe fèt anvan yo oblige refize fè yon travay oswa ekspoze tèt yo nan yon danje grav.

Anplwaye yo ka pote yon plent nan OSHA konsènan yon kondisyon travay danjere nenpòt ki lè. Pou jwenn enfòmasyon sou lwa sekirite ak sante nan travay, estanda ak règleman, vizite sit entènèt OSHA a: www.osha.gov.

Se pa tout refi travay akòz kondisyon ki pa an sekirite oswa ki pa bon pou lasante Lwa OSH a pwoteje. Anplwaye a pwoteje kont vanjans si yo gen yon enkyetid rezonab pou lanmò oswa blesi grav; refize fè travay la ak bon konfyans; pa gen okenn devwa altènatif; pa gen ase tan pou yon enspeksyon OSHA federal oswa eta kote yon enspeksyon konsa te deja fèt; epi, kote sa posib, anplwaye a te mande patwon an men li pat kapab jwenn koreksyon nan kondisyon danjere a. Pou plis enfòmasyon: www.osha.gov/workers/right-to-refuse.

Sa a se youn nan yon seri fich enfòmasyon ki mete aksan sou pwogram, politik oswa estanda OSHA yo. Li pa enpoze okenn nouvo kondisyon konfòmite. Pou jwenn yon lis konplè sou egzijans konfòmite estanda oswa règleman OSHA, al gade Tit 29 nan Kòd Règleman Federal la. Enfòmasyon sa yo pral disponib pou moun ki gen pwoblèm sansoryèl si yo mande yo. Telefòn pou voye vwa a se (202) 693-1999; nimewo teletypewriter (TTY): (877) 889-5627.

Rezulta Envestigasyon

Si prèv yo sipòte reklamasyon yon anplwaye nan vanjans epi yo pa ka jwenn yon antant volontè, Depatman Travay la ka litige ka a nan U.S. District Court (Tribunal Distrik Etazini). Depatman an ka chèche sekou pou fè anplwaye a antye, tankou:

- Rekipere travay yo
- Retounen peye ak enterè
- Peman pou depans ki te soti nan vanjans la ak enterè, ak pou detrès emosyonèl
- Domaj pinitif
- Sekou ki pa monetè

Si Administratè Rejyonal OSHA ki gen biwo ki te mennen ankèt sou ka a jwenn prèv la pa sipòte reklamasyon yon anplwaye pou vanjans, anplwaye a ka mande Direksyon Pwogram Pwoteksyon Denonsatè yo (Directorate of Whistleblower Protection Programs, DWPP) nan Washington, DC lè li depoze yon demann pou revizyon, nan 15 jou apre anplwaye a resevwa lèt revokasyon an, ak yon kopi atravè Administratè Rejyonal la.

Pou Plis Enfòmasyon

Pou yon kopi Seksyon 11(c) nan *Occupational Safety and Health Act* (29 U.S.C. §660(c)), (Lwa sou Sekirite ak Sante nan Travay (29 USC §660(c)), règleman yo (29 CFR 1977), ak lòt enfòmasyon, ale nan www.whistleblowers.gov). Pwogram Pwoteksyon Denonsyatè OSHA a fè respekte dispozisyon ki bay plis pase ven (20) lwa federal sou denonsatè yo. Pou aprann plis sou lwa denonsyatè yo ke OSHA aplike, gade "Whistleblower Statutes Summary Chart" (Tablo Rezime Lwa Denonsyatè) nou an nan www.whistleblowers.gov/whistleblower Acts-desk_reference.pdf. Ou ka rele OSHA egalman nan 1-800-321-OSHA (6742) si w gen kesyon oswa si w bezwen plis enfòmasyon.



Administrasyon
Sante ak Sekerite
nan Travay